

anggènipoen milih M. Kramapawira datus pangajoman. Saking pangajeng-adjeng koela sadaja sageda lestantoan.

4. Ing H. Ripoen M. L. oegi njebataken, bilih saben 3 woelan sapisan M. L. kedah ngawonten-aken parepatan (vergadering) perloe ngrembag adjeng moendoering pasinaon, lan palapoeran sanèspoen. Poenika saé sanget; kados ingkang sampoer toemindak kala malem Rebo 18 September 1929, djer para warga kadjawi batu pasinaoni poen, oegi mangertos dateng tjara-tjara ning pakempalan.

5. Mardi Laras sampoer saged kaleksanan ngedalaken serat, kana-makaken „Serat Mardi laras” (mawi aksara Djawi.) Kandeliopen wonten 68 katja, dipoenregéni f 0,60. Prakawis saé awoning isinipoen boten koela atoeraken ngriki djer koela pitados „goede wijn behoeft geen krans.” Mangga gelar jektinipoen koela atoeri moendoet. Tijang namoeng arta nem ketip, teka sampoer angsal serat Mardi Laras! Mangga dipointobi!

—

Bantoe karja.

Saking pamboedi-dajanipoen sad. B. R. Soetapanitra lan sad. E. Kar-sawhardja, gotrah Kath. ing Wedi, saged ngawontenaken pakempalan kanamakaken „Bantoe karja.” Toedjoeanipoen Bantoe karja, miteloengi sadérèk ingkang karépotan ing atasipoen baoe soekoe, manawi dong gadah damel. Ngrigenaken pepadungan, miteloengi ndateng-aken pirantosipoen tijang gadah damel „média koersi, tjangkir piring, gelaran lampit etc. Ingkang mandé-gani Bantoe karja pandjenengani poen B. R. Soetapanitra.

Takim SOESÉNA.

VERSLAG: PAREPATAN K. W. SOERABAJA.

Nalika tanggal ping 22 Sept. '29 K. W. Soerabaja, sampoer damel parepatan kanggé sadérèk Katholiek sadaja, wonten panggénanipoen sa-dérèk Doekoed ing Djagalang gang III, perloe ngrembag kaperloean ingkang oemoem, kadosta:

Serat saking pandjenengani poen rama pastoor Satiman, kapoetoes moefakat sadaja, sadérèngipoen woelen December ingkang badé kalmahan, sadaja para sadérèk Katholiek badé soeka oeroenan sandangan ingkang sampoer golongan boten perloe kanggé oetawi masem-masem, kanggé sadérèk - sadérèk doesoen saha paredèn bawahipoen *Mendoet*.

Netepaken kanggé mbéndjing tanggal 6 October ngadjeng poenika, mèngeti Kangdjeng Santo Bapa Pius XI djoemenengipoen imam sampoer 50 tahoen, sarana prasada kémawon, inggih poenika, sadérèk-sadérèk R.K. Djawi ing Soerabaja, dinten Ngahad 6 - 10 - '29 sonten djam 7, bakda Lof, sasarengan sowan dateng Kepandjén (pastooran). Sasampoeripoen pinanggihan klajan rama Mgr. de Backre (G.A.) ladeng salah satoenglipoen Bestuur K.W. madjeng saha matoer, menggah ingkang datus kaperloe-anipoen, ladeng sasarengan sadaja sami menjanji, lagoe basa *latin*, *wlandi* oetawi *djawi*, kondjoek doe-mateng ingkang saweg winisoeda Kangdjeng Santo Bapa, kalantarakan déning pandjenengani poen rama Mgr. de Backre. Poenapa malih para sadérèk katholiek kakersakken moendoet potrèt oetawi gendérani-poen K.S.B. ing Rome njatoenggal, kabajar kentjeng. Mratandani klajan senenging penggalih, kapareng toe-met mèngeti djoemenengipoen K. S. B. Pius XI poenika datus imam sampoer 50 tahoen, poenapa malih djoemeneng Maha Soetji wonten ing Vaticaan.

Bab „Leekenapostel” déning parepatan katerangaken toedjoe saha maksoedipoen dateng para sadérèk katholiek, soepados nglampahana kasaénan, roekeun, teteloeng dateng sasaminipoen gesang; soepados malih sanès golongan katholiek sageda mangertos oetawi poeroen toemoet, apesipoen kersa tepang saé, dateng kita sadérèk-sadérèk R.K. ing sale-betipoen kita Soerabaja, sampoer ngantosana nama kita *katholiek* pi-kantoek tjet . . . !!

Ngrembag madjengipoen K. W.; jatra pembajaran contributie f 0,25 saben woelen saben lid, soepados katarik ing woelen ingkang loemam-pah, déning parepatan *kapoetoes*: lantaran para warga dalemipoen pating prentja, saha tebih-tebih, poen djoeroe panarik contributie badé tamipti pitoewas 10% saking jatra angsal - angsalanipoen. K.B.F. (Kath. Begrafenisfonds) Soerabaja, sampoer ketigal madjeng, katanda katala sadérèk R. K. ingkang sami poeroen loemebet warga, sanadjan jatra entree f 10-. Wasana parepatan katoetoep ± djam 1 siang, kanti wiloejdeng.

‘t Bestuur.

Kala dinten Djoemoeah sonten 20.9.'29 ing Doekoen karawoehan, M. Paulus (Kandam; Hardjawsita), goeroe ing Goedangoejah Moentilan; perloe anggijarakken prakawis Van Lith Stichting.

Parepatan dipoenwiwiti djam 4. Wonten ing pamoelangan Vervolg-school, ingkang sami rawoeh prijantoon goeroe Missie djaduhan Doe-koen 8.

Poetoesaning rembag, prijantoon goeroe Missie djaduhan Doe-koen ke-djawi ingkang 8 kasebat nginggil taksih wonten 2 malih, datus sadaja 10. Sagah mlebet datus warganing Van Lith Stichting.

Parepatan katoetoep watawis djam 1/2. kanti wiloejdeng.

J. A. KOESÈN.

VARIA.

RÉKANIPOEN SAMPOEN NGAN-TOS SAKIT.

Poenika prakawis ingkang angèl, ing atasipoen dokter kémawon inggih asring sakit pileg Isp. Éwasamanter sasaged-saged kedah dipoen-setijari, awit sesakit poenika kados déné 1e. koléra, tipes, wawratana røembel, tijatting pelikan (mijn-worm) 2e' tèrèng (t.b.c.), pès paroe, diphtherie, tijatjar 3e. malaria, pès mendokol, paték, radjasanga 4e. bélèk, trakoom Isp. poenika asalipoen saking baktéri ingkang mbekta se-sakit. Baktéri poenika sagedipoen katingal namoeng jén katjorong mawi microscoop. Ingkang wiwit soeme-rep baktéri sarana microscoop poenika Pater Jesu Athanasius Kircherus ing taoen 1671. Nalika sa-manten microscoop taksih pasadja sanget. Baktéri poenika alit sanget, sèwoe joeta oepami kempal datus satoenggal agengipoen saweg sami kalijan pentol djaoreman (dom) boendel.

Baktéri waoe mlebet ing badan, sarta jén badanipoen ringkih, rah reged, poen baktéri ladeng tetroeka wonten ing ngrikoe ladeng datus maëwoe-éwoe, woesana tijangipoen sakit saged doemoegi ing pedjahi-poem. Baktéri sesakit 1e. poenika mlebetipoen sareng lan tetelan oe-tawi ombèn-ombèn. 2e. sarana ka-serot, sareng lan hawa. 3e. sarana badan tatooe oetawi pingget katjokot ing kewan. 4e. sarana poen baktéri kleres dawah ing panggénan ingkang ngrigijit kadosa: mrípat Isp.

Datos rékanipoen soepados sampoer sakit 1e. nebihi baktéri. Sampoen neda oetawi ngombé ingkang kasadé tjalak radinan. Ing radinan poenika katah baktéri kadosa t.b.c. poenika jén wonten montor maboer, ladeng kabober, ketjemploeng ing sekoel, tjao Isp. Manawi doemoegi ing oesoes, ngwontenaken t. b. c. oesoes, sampoer temtoe tiwas. Toja kalèn oetawi lèpèn kebab baktéri, mangka asring kanggé kemoe, oetawi moesoei. Ing nginggil wonten tijang sakit tipes oetawi kolérah, la ngandap teka kanggé tjablon Isp. temtoe gampil katoelaran. Powan poenika inggih asring wonten bak-térinipoen t.b.c. Toja soemoer inggih boten tanpa baktéri, tansaja jén soemoer waoe tjalak kakoes. Mila jén saged, prajogi nganggé toja sa-king lédeng, botenipoen saged, toja soemoer sadérèngipoen kaombé, di-poenaring oetawi dipoen-godog roe-mijin. Jén radinan mabloek, iroeng lan lésan katoetoepana mawi katjoe-resik, awit baktéri t.b.c. asring toe-met kabober; temah mlebet ing paroe, andadosaken tèring. Sadérèk goeroe pinten kémawon ingkang boten katradjang ing tèring! Ing ta-nah Djawi katala tijang sakit tèring, ing Éropah saja katala malih, margi manggénipoen sami sek-sekan. Ré-kanipoen soepados boten sakit 2e. ngijataken badan, kadjawi sarana sport, ingkang dipointeda kedah manoet woelang bab kasarasan. Woesana ngertos doegi - doegi lan prajogi ing sadajanipoen. Ngijataken badan poenika perloe sanget, awit sanadjan kelebetan baktéri, asring tjabbar. Poen Naja gagah prakosa, wonten influenza meksa ambroek. Poen Soeta badan limrah nanging kijat, boten poenapa-poena. Kijat ing ngriki tjara wlandinipoen: weer-standsvermogen. Soemangga poenika sami kagalih.

D.

PANGOEDA RAOS.

Manawi koela ngéngéti kemadje-nan kaeom Mohamadjah, won-tenipoen ladeng namoeng mantoek-mantoek; déné semanten anggéné kawistara ngadjengaken bangsa In-donesia. Tjobi koela doemoekipoen jejasan ingkang kanggé oemoem: sekolah - sekolah, grijah sakit,

panggénan kanggé mitoeloengi laré lola, jatin lan bangsa djempo.

Amila sampoer saleresipoen angsal pangalembana déning Kangdjeng Toewan Goepernoer Djéndral. Si-geg.

Sadérèk Patjar - méräh ing semoe-ra digéla, déné kita Katholiek boten katoet ingalem, mangka pakempalan Katholiek Djawi inggih katala. Poenika inggih sampoer saleresipoen kémawon kanggé kita Katholiek Djawi sami gela.

Nangding manawi ngéngéti, jejasan pakempalan kita Katholiek poenika ingkang kanggé oemoem pantjén dèréng wonten, lenggahing gela waoe inggih lepat, djalaran woedjoeing gela waoe kabekta méri. Sekolah - sekolah standaard R. K. lan H.I.S. poenapa déné sekolah doesoen, ingkang jasa sanès pakempalan kita, nanging Missie Grijah sakit mekatan oegi.

Lah, pakempalan O.L. mij Roekti Woeri poenika ingkang toemoet-toemoet ngadjengaken economie Indonesia. Émoet-émoet kok. inggih namoeng kanggé sadérèkipoen pi-jambak. Oepami tijang djawi kenging mlebet, tradjung kita ketingal montjér, boten sanget - sanget dipoen-soedjanani.

Soepados pakempalan kita keti-ning ing djawi (sanès wohing mis-sie) kados-poendi?

Koela ladeng kénégetan, oesoel-ipoen kamas Martadegsana mantri goeroe Medari. Lah, poenika peng-pengan, djalaran pantjén inggih tjo-tjog kalijan oengel-oengelen djaman sapoenika. „Pertjaja kepada keko-atan diri sendiri.” Nangding kedah ngéngéti, pitoeloengané sanès inggih kedah katampi.

Kedjawi poenika Rama-rama Pas-toor inggih boten riboet adjegan, datus saged mligi bab agami. Poenapa malih djoged kita temtoe keti-ning éstoë.

Wiwitain temtoe angèl, nanging sekedik baé toemindak. Tanda jekti inggih kaeom Mohamadjah waoe.

Mila oesoel Martadegsana pantes kagatosaken boten pilih - pilih ingkang ngedalaken oesoel poenika poenapa.

Banjoebiroe 6 - 9 - '29

Djadir.

VAN-LITH-STICHTING

MISSIE
ING TANAH DJAWI
KEDAH SAGED
BAWA PIJAMBÄK.

POENIKA
INGKANG DIPÖENKADJENGAKEN
VAN-LITH-STICHTING.

PANGRÉH V. L. S.

p/a Bijz. H. I. S.

MAGELANG.

DELEMINGAN.

Damel gedong goemantoeng wonten ing awang-awang, poenapa kin-ten-kinten saged kalampahan? Bok-manawi boten.

Nangding oepami njembadani prabot: „pangroekti-laja” (jén sapoenika matis, mateok, matem kanamakaken: „Darma pralaja”), poenapa sakinten boten saged kadoemoegèn?

Bokmanawi sok-oeger kersa sajek-toes, para R.K. ing Ngajodja boten manggalih anoe², éman-éman, anoe l. s. p. koela doegi inggih saged kabober, sanadjan windon, mataoen-taoen kaleksanipoen.

Mangsoeli: „Prabot” ingkang kado-s - poendi? Noewoen inggih prabot ingkang boten ngoetjiwani sa-kedik - keda-kida.

Oepami dipoenwontenaken oe-roenan mbaka sakedik kanggé toem-bas: Lijk-auto (motor pangemot dijsim), oetawi karéta pangemot dijsim (lijkwagen) ingkang pantes kanggé sadéngah, boten pilih djana. Won-déne kapal saprabotipoen, röhning manawi ngingah pijambak rébjék, prajogi kontrak kalian salah sa-toenggiling djoeragan andong kema-won ingkang mawi Kawantos-wantos sampoer ngantos njoelajani samang-sa wonten sripah.

Sokoer bagé, dangoe-dangoe sa-ged mrémèn jasa karéta kawangoen plek bis (auto-bus) ingkang tjekek prijantoen 25 oetawi tigang dasa; apesipoen kalah idji, minangka toem-pakanipoen panglajat kakehng sa-kréta, panglajat poetri sakréta. Wah saiba anggénipoen ngesrepakan! Langkoeng-langkoeng manawi won-ten ing salebeting karéta waoe la-deng dikir (tesbèh, toewin s. s.)

Sarana ingkang koela atoeraken ing Sw. Tm. No. 32 dèréng mrantasi. Wonten ingkang ladeng padas sa-rana sanès. Oepaminipoen: kedah saé pangemongipoen dateng koeli kontrak; nggatospaken dateng betah-ipoen; ing dalem saminggoe koeli kedah wonten kendelipoen; njaekaken pranatan pandamelan lan koeli berah; noeda kereping éwahing pangangeng (assistant). Teka padas ingkang boten-boten! Poenapa poenika badé mrantasi oegi?

Badé boten kémawon; pramila sa-king panginten koela namoeng sarana satoenggal, ingkang kedah katindak-aiken. Poenapa? Sowaking poenale sanctie, itjaling tangsoel ingkang ndjiret poen koeli. Sinten ingkang dèréng priksa, manawi poen poenale sanctie poenika poking sesakit, inggih kroema ingkang gremetan tansah njakoti moeroegaken pating snoeno? Lha, mbok inggih djampi poenapa kémawon, boten badé mantoenaken memala waoe, jén boten pokoking sesakit ingkang dipoenbirat. Poenale sanctie ingkang datus toeking sadaja pasoelajan lan piawan, mila inggih poenale sanctie ingkang kedah ka-boetjal, sampoer padas sarana sanès.

Lo, temtoenipoen para ingkang badé ngadjengaken bangsa Indoné-sia lan ingkang njepeng pangröhing pradja boten kekilapan, temtoe sam-poen menggalih bab poenika, sarta rembagipoen saged toeking sadaja. Anangding ingkang koela goemoeni poenika teka dèréng ndje-doel-ndjedoel poetoesanipoen. Poenapa kémawon ingkang moeroegaken rangoe - rangoe poenika? Poenapa adjuhri manawi kapitoenén? Sinten? Tijang Djawi?

Kabar makaten: „tanah Djawa wis sesak, koerang papan sebab kakéhan oewong, koerang pakarjan lan pang-gawéan, sing arep dipangan apa?

Moelané diprenahaké ana ing Soe-matrah, kang isih djembar papané.”

Oepami poenika ingkang sineadya, poenapa boten sagek aleksanan, boten ndadak nindakaken poenale sanctie? Dados mawi vrije werving?

Oepami jektos tanah Djawi kirang pandamelan, poenapa déné kerep kelampahan pabrik gendis ing Djener Poerwardja kirang koeli ingkang berah, mèh prasasat saben - saben mendet tijang saking Koelon-Praga? Poenapaa wonten pabrik tjejak ngriki mendet koeli saking mantja nagari?

Wonten malih: ratjak ing ngriki sampoer madjeng, nanging ing Soematrah dèréng. Mila kanggé bibit, ladeng mendet bala saking ngriki. Mila ladeng migoenakaken sarana sapoeroenipoen? noen boten. Poenapa poenale sanctie awon? awoni-poena boten margi kabekta wontenipoen barang ngrikoe (per se), nanging margi toemindakipoen boten saé, margi lepat panggarapipoen. Barang boten awon boten saé, saged awon lan saged saé, goemantoeng saking anggénipoen ngetjakaken. Jén toe-mindakipoen saé kados ing Marine oepaminipoen, inggih kenging kawastanan loemajan sakedik; jén kados ing Dèli, inggih nama awon.

Mila sinten ingkang poeroen ngga-gas pandjang temtoe saroedja kalijan sowaking poenale sanctie. Manawi boten saged (sebab poenapa?) kasowak teroesan, inggih selot-selotipoen kémawon; nanging inggih dipoen-jakinaken saëstoe, sampoer namoeng ija besoek, wekasan boten doemoegi - doemoegi.

Noewoen, poenika dadasa pang-galih.

DJAÉ WANA.

ing Girasara.

PEPANGGIHAN.

Sadérèk Katholiek Indonesia ing Semarang lan sakiwatengenipoen.

Ngatoeri priksa bilih kadang Katholiek Indonesia ing Semarang lan sakiwatengenipoen bédjining diantin Ngahad tanggal 20 October, wiwit djam 9 éndjing, bad

ten kamanah perloe ngawontenaken pahargan mangèn ing Wedi.

Tapeking karaméjan kadawaha-ken malem Selasa tanggal 7 October sonoten, perloenpoen Soepados K. P. Berndsen sageda ndjoemeneri pahargan waoe. Rantjangan papan njamboet grijanipoen sad. Kramap-wira sampoeno dipoenlilani. Ingkang badé sesorah: 1 sad. N. Tjakraat-madja bab soegeng dalem K. S. Bapa Pius XI; 2 sad. E. Karsawihardja bab kedaton dalem K. S. Bapa (het Vaticaan); 3 sad. B. R. Soeta-panitra bab loehoering Kaimaman. Sekar binaroeng ing gangsia, ingkang badé nandangi pakempanan Mardi Laras. Toemindakipoen kademal gentosan, sampoeno ngantos ngitjalaken ngesing raosipoen pa-hargan daloe poenika, soepados dodos kaloehoeran lan kasoenggengan dalem K. S. Bapa, lan amewahan A. M. D. G.

Déné prakawis ragad-ragad sami dipoenanggi ing sadérèk R. K. ngrikoe samoerwati poenika. Panjoe-woen koela, pahargan - pahargan ingkang koendjoek saandap sampejan dalem K. S. Bapa Pius XI, angentjenga oegi soengkem kita dateng Pasamoean Soetji lan Goesti pe-pondèn kita.

Padoeka P. Rector J. van BAAL kondoer dateng Nederland.

Sadérèk C. O r de e k a martosaken ingkang ladeng kita ringkes kadbis ing ngandap poenika: Kala 18-9-'29, ing X.- College Moentilan wonten pakoermatan kanggé ngoer-mati kondoeripoen P. Rector dateng Nederland. Kados adat saben katah para siswa ingkang njaosaken atoer: saking Kw, S., N. S. toewin Cursus goeroe doesoen. Kala samanten wa-kil K. W.: R. Djajaatmadja inggih wonten wakil saking K. W. R. Djajaatmadja ingkang oegi matoer wonten ing ngadjing: andérèkaken basoeki. - Wonten ing pakoermatan ngrikoe katawis bilih para siswa X.- College Moentilan langkoeng-langkoeng siswa Normaalsschool sami lebda ing gending miwah tembang Djawi. (-katoentoen déning sadérèk Hardjawardaja goeroe N.S. ingkang sapoenika pantjen saweg kajoengjoen dateng gending lan padalangan). Dé-né siswa K. S. toewin Pams (wonten pakoermatan ngrikoe) katawis sami saged gending toewin tembang Walandi.

Wonten ing paringipoen wangsoel-an, padoeka Tw. Rector ngandikakan genging renaning panggalihipoen margi pirsa indaking sakolahan Canisius ing ngrikoe (15 sapoenika 150), lan margi ngawoeningani tandangi-poena para goeroe wedalan Moentilan ingkang saëstoe roedjoek kalijan karsanang Missie dahal dedasar na-likai wonten Moentilan. Mila pandjenengnipoen ngadjing-adjeng moegi saged lestantoon makaten. Wasana pandjenengnipoen oegi moedjékaken Van Lith Stichting . . .

Katjarisosaken ingkang anggentosi djoomeneng Rector. pandjenengnipoen P. Coenen.

Ing ngrikoe kita redactie saged ngabaraken: kala 23-9-'29 pandjenengnipoen sampoeno bidal saking Ngajogyakarta nitih expres djam woloe. Sw. T. oegi andérèkaken soeng. Moegi bêndjing kondoeripoen, saëstoe saged ngampil angsal-angsal ingkang ngagengaken manah kita gotrah Katolik!

Van Lith Stichting saja mindak warganipoen.

Saking Moentilan kita pikantoek pawertos kala 20-9-'29 sadérèk Hardjawasita propaganda V.L.S. dateng Doekoen. Prijantono sanga ingkang nenggani mirengaken propaganda sa-daja sami mlebet dados warga.

Wanita Katolik Ngajogyakarta.

Pakempanan Katolik ingkang oen-tab-oentaban actiefipoen kalijan Van Lith Stichting, nanggang awis kotjap, i.p. pak. Wanita Katolik ing Ngajogyakarta. Pakempanan waoe saben woelan ngawontenaken papanggihan wonten grijaning warga: giliran! Kala 18-9-'29 W. K. papanggihan wonten dalemipoen Mantri Goeroe Gajam sadérèk Marta . . . Wonten ngrikoe pangrèh martosaken: 1e. Balé derma ada-adanipoen pakempanan-pakempanan wanita ing Ngajogyakarta kala sakatèn, saged pi-kentoek batu resik f 270, ingkang f 100 kadanakaken kasangsaran kabesmèn ing Gresik, ingkang f 109, kanggé studiefonds P. P. I. Pakempanan W. K. pikantoek f 13,12, lan f 10,48 toemenda babatèn sekar, f 12,50 kanggé studiefonds W. K., poenapadéne f 11,10 kanggé jajasan W.K. ingkang nama kinderafeeling . . . 2e. Bêndjing 2-3 November ing Bandoeng wonten tentoonstelling barang-barang batikan lan te-noenan, manawi saged W. K. badé aengdalé, para warga ingkang kadoegi kaatoeran maringi pasoembang. 3e. W.K. boten saged nglegani pangdjak ngawontenaken peken malem bêndjing 3-7 Oct. (wonten Ngajoga) ingkang babatènipoen tjalon

kanggé soos Andépraja lan studie-fonds P. P. I. Iss.

(Kita ngadjeng-adjeng moegi para warga W. K. Ngajogyakarta, sami (angindaki anggènipoen) animbangi rekaos miwah mempenging pangrèhipoен. Awit kados ingkang kita soemerepi papanggihan kaseboet nginggil poenika warga ingkang rawoeh saëstoe boten maremaken).

KABAR OEMOEM. INDONESIA.

Kabar onderwijs saking Bagelen.

R.S.K. Wardaja, martosaken kados ing ngandap poenika:

Kala tg. 15/9-'29, ing Kopschool Poerworedjo, kanggé conferentie goeroe-goeroe angka II sakaboepati Poerworedjo. Ingkang mangar-sani pandjenengnipoen Schoolop-zienier I lan II. Wonten ing ngrikoe nggijarakken dawoeh-dawoeh angsal-angsalanipoen conferentie Schoolop-zienier wonten ing Gombong, kala tg. 12/13 Augustus '29.

Ing ngrikoi koela tjoeplik ingkang perloe-perloe kémawon, kadosta:

1. Ing woelan Sijam (vacantie) goeroe boten kenging nganggoer; kedah njamboet-damel; njadijakken ingkang badé kanggé ing woelan Sawal, kadosta: nampi moerid, damel staat bijl: II (permintaan menjadi moerid); damel gambar-gambar handleiding lsp. Goeroe kedah damel uitgewerk leerplan kanggé sataoen, kapérang dados 40 bagéan, kanggé njaminggoe. Tjekakipoen: jén sakolahan kabikak ing woelan Sawal, kedah sampoeno samekta sadaja; oepami: bangkoe - bangkoe, gambar - gambar, handleiding lsp. Dados bikak teroes saged moelang. Djalaran saking poenika ing woe-lan sijam, goeroe boten kenging késah sadaja; apesipoen kedah won-ten satoenggal ingkang nengga lan mranata sekolah.

II. Déné ingkang kanggé waton dawoeh waoe makaten: Sadaja amb-tenaar Goerpermèn (ingkang sanès goeroe); poenika sataoen namoeng kenging verlof 14 dinten; sareng goeroe boten dipoenwatesi. Mangka goeroe sampoeno gadah vacante katal (Sijam lan Moeloed); sareng amb-tenaar sanès boten gadah vacante. Mila goeroe kaanggep kekatahen li-boeriopoen (nganggoeripoen); dados ing wantji vacante ladeng kedah njamboet damel ingkang mesti. Ma-lah sawenéhing ambtenaar Inspectie wonten ingkang moengel makaten: Wong dibabat woetoh (ing woelan Sijam) teka arep nganggoer; nèk ngono kepénakan. Sing liboer koewi-rak moeridé. Moelané bener anané dawoeh sing netepaké soepaja goeroe ing sasi pasa njamboet gawe-ka ja ambtenaar sédjéné.

III. Pandameling permintaan menjadi moerid (Staat bijl: II) kedah ing woelan Sijam: teroes kaatoer-aken dateng Schoolcommisie. Saminggoe ngadjengaken bikak pamelangan, kedah sampoeno katéken Sch. comm: (Poenika poenika boten saged damel kapitoenipoen goeroe?) Oepami ing woelan Sijam, laré ingkang mlebet 40. Sareng Sa-wal namoeng dateng 30; dados ingkang 10 boten èstoe mlebet. Mangka jén staat permintaan menjadi moerid sampoeno katéken Sch. comm, laré 10 ingkang boten èstoe waoe rak kedah mbajar, lan kalebetaken dateng Stamboek? Lah, ingkang mbajari sinten? Kalijan malih ladjeng wonten temboeng: doeroeng sekolah teka wis meteo. Tegepisien: pada-melanipoen goeroe waoe tanpa damel; (moespral)

IV. Pandameling rantjangan (vorde-ringan en voorbereidingen) ing klas ingkang parallel: poenika loetjoe sa-ngget. Opzienier ressort I gadah pa-manggih makaten: Goeroe kang moelang ana ing klas parallel koe-doe gagéw rantjangan déwé - déwé: ora koedoe pada. Doewering pi-woelang oega ora koedoe pada, anger katjéké ora kakéhan. Pre-loené soepaja sidji-sidjining goeroe njamboet - gagéw nganggo pikirané déwé-déwé. (Prakawis poenika katal ingkang maben. Djalaran saged noewohaken djor - djoran ing klas ingkang parallel waoe; ladjeng noewohaken ingkang boten saé). Opzienier ressort II pamanggihipoen béda kosok-wangsoel bledjed. Jén wonten klas parallel: ingkang da-mel rantjangan tjekek goeroe sa-toenggal sanèsipoen namoeng noe-roen, soepados saged sami. Pandamelipoen gentosan saminggoe édang. (Prakawis poenika katal ingkang moefakat). Wasana opzienier ressort I lan II kapeksa andeo wilodjeng, sami nganggé actienipoen pijambak-pijambak. Ingkang makaten poenika koela manah kirang prajogi, awit Opzienier kalih ingkang noenggil sa-kaboepati kémawon sampoeno boten tjetjog. Poenapa wonten ing conferentie Schoolopzienier ing Gom-bong boten kapoetoes (katetepaken), teka ngantos sami roedjak sentoel?

V. Bab kasboek sekolah: kedah

wonten kasboek harian lan ming-gon; manoet tjonto. Wonten dawoeh ingkang soeraosipoen makaten: sa-dérèngipoen mandaat blandja katoekarakken ing Landskas: jatra sekolah ingkang dados tjepong-pangrèhipoen. Awit kados ingkang kita soemerepi papanggihan kaseboet nginggil poenika warga ingkang rawoeh saëstoe boten maremaken).

VI. Jén wonten goeroe ingkang dipoen inspectie mangka pinanggih gadah rapport 4: (bidji 4): kedah awas. Lan sanès dinten temtoe di-poenkortbezoek malih: éwah poenapa dèrèng kawontenipoen. Jén sampoen éwah, mangka ladeng min-dak saé, poenapa bidjinipoen 4 waoe inggih ladeng dipoenindaki ing na-likai poenika oegi?

VII. Wonten goeroe ingkang pi-takèn makaten: Kados-poendi goe-roe sagedipoen soemerep jén ngga-dahahi (conduitestat) awon? Wang-soelanipoen: Angger blandjanipoen mindak, oetawi nalika njoewoen in-dakan blandja boten dipoenenggél-engél, inggih tanda jén boten awon.* Nanging prakawis bidji awon ingkang toemrap goeroe: poenika kängé wados déning ambtenaar inspec-tie.**

Amoeta toeli!!
(Kalampahan ing bawah Mendoet Moentilan).

Sadérèk F. Ets Triumph mar-tosaken makaten: (kita loegokaken kémawon. — Red).

Ing salebeting woelan Augustus ingkang kapengker Swara Tama sampoen angewrat prakawis margi-margi ing bawah Mendoet Moentilan. I Bab rekaosing lampahing tjiang toewin bangsa kendaraan ingkang ngambah ing margi - margi waoe. Djalaran saking kirang prajogining bab pamasanggir ril lorining On-derneming. II Ingatasing margi waoe pantjén boten kenging kaambah ing grobag karéta, motor, lan sanès-sanèsipoen menapaa kados ingkang wadibing margi-margi waoe kok boten karsa paring tetenger gawar? III Dasaring margi pantjén kirang saé inggih poenika margi saantawisipoen Moentilan lan Da-wang Progo. IV Kretek satjaketing doesoen Gedjagan, risak kadangon anggènipoen andandosi. Sareng di-poendandosi sapisanipoen dèrèng anggrèndjel. Nanging sareng maos oekara ngandapipoen, koela kepeksa mandeg; koela manah pandjang! Mangga dipoen-pidanganetaken ngandikanipoen redactie Pengadjar: „Manaj terpenting dari pada empat perkara yang tersebut diatas, tidaklah kami dapat memilih karena semoceania penting!“ [Dojoring aksara déning Patjar Mérah].

Dados, Isakawan bab kaseboet nginggil poenika kenging koela ringkes: geestelijke opvoeding kalijan lichamelijke opvoeding [panggoela-wentahing soekma] oetawi batin kalijan panggoela-wentahing badan. Maos doemoegi samanten koela dèrèng anggrèndjel. Nanging sareng maos oekara ngandapipoen, koela kepeksa mandeg; koela manah pandjang! Mangga dipoen-pidanganetaken ngandikanipoen redactie Pengadjar: „Manaj terpenting dari pada empat perkara yang tersebut diatas, tidaklah kami dapat memilih karena semoceania penting!“ [Dojoring aksara déning Patjar Mérah].

Manoengsa pinaringan pikiran, kanggé mikir, kanggé nanding-nan-ding; Wohing pananding saged mas-tani poendi ingkang awon, poendi ingkang saé, lan poendi ingkang saé oetawi awon pijambak!

Koela ngandzel: geestelijke opvoed-

ing kalijan lichamelijke opvoeding

poenika penting sadaja. Nanging sa-

mi-sami penting, mesti kedah won-

ten ingkang penting pijambak! Da-

dos, manawi doepeh kalih - kalihi-

poen penting, ladeng boten saged

milih poendi ingkang perloe pijam-

bak, poenika kenging katemoeng-

aken boten saged nanding. Sami

oegi kalijan moengel: geestelijke

opvoeding karo lichamelijke opvoe-

ding mono pada waé. Dados, kados

tjiang ingkang tjarijos: Kristen (Katolik, Protestant), Islam, Boeda, Téo-sopi. . . ikoe setali tiga oeang!

Poenapa wawaton makaten poenika

leres? Pandjenengan sadaja saged

ambatang pijambak!

Tjiang ingkang ngandel, ngakeni

bilih sadaja poenika pinoerba-

-wasésa wonten Pangéran, mesti

anggadahi kaantepan: kabatosan

langkoeng penting tinimbang kala-

hiran. Dados soekma langkoeng adji

tinimbang badan wadag; rohani

langkoeng prelo tinimbang djasmani.

Sokmakatena: geestelijke opvoe-

ding langkoeng wigati tinimbang li-

chamelijke opvoeding. Bodo nang-

moersid, sesakten anangging sade-

ing boedi, poenika manahipoen lang-

koeng tentrem tinimbang ingkang

abanda abandoe nangging moersid.

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

POENDI INGKANG PERLOE PIJAMBAK ? ? ? ? ?

(Dajaning materialisme ! ! ! Serat kabar „PENGADJAR“

tidak dapat memilih ? ? ? ?)

Materialisme! Poenapa poenika?? Poenika mamalaning djagad! Poenika ngelmoe boten ngakeni won-

tening Hyang Ana; njingkoer Hyang Djoeroe Karja; boten poeroen roe-maos saha nroemaosi bilih ingkang goemelar wonten ngalam donja poenika pinoerba-wasésa déning Hyang Maha Kawasa! Ingkang ginoestig- goesti dédé Pangéran; titah! O, inggih titah, titah sèkèng ingkang boten saged doemados pijambak poenika!!

É, manoengsa pantjén saja anda-dra! Boten Kilèn boten Wétan, sa-midéné kenging sasakit materialisme! Boten Djawi boten Walandi, sami déné katala ingkang kataman memala tjdra ing Goesti! Poenapa salaminipoen djagad badé ngalam djamin pedét emas ??

Materialisme! . . . poenika na-moeng badé nantang bendoening Pangéran, ngadjab sapoe-dendan-ing Goesti!

Materialisme! . . . manoeng Sang Nata Pandita Pius XI wonten nawala dalem „Ubi arcana“ — tetep dados witing kasangsaran, djalaraning pa-prangan!

Para maos!

Pandjenengan sadaja temtoe sam poen sami mangertos, ing Salatina wonten serat-woelanan „Pengadjar.“ Pengadjar waoe ngewrat prakawis-prakawis panggoela-wentah sarta pa-nagadjaran! Ingkang dados panoen-toe redactie sadérèk Soepardi.

Pengadjar . . . no. 1 (katja 5), tjarijos:

Adapoen menoeroet pendapat ahli mendidik, mak-soed pendidikan itoe demikianlah:

1. memboeka dan memperlamar persamaan atau kelakoean, soepaja soeka kepada perboeatan baik.
2. mempererangi persamaan pada pekerjaan dhatuh: 3 memboeka dan memperlamar pikiran: 4 mendjaga

R. I. P.

Ngatoeri oeninga jén sa-dérèk FRANCISCUS XA-VERIUS SOEPARDJAN DJAJÈNGOETAMA nalika tg. 24 Sept. poenika mantoek dateng djaman kalanggengan.

Para mitra-mitra, pitepa-nan lsp. samia karsa njem-bahjangaken kanggé soekma-nipoen.

L. JAMA.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÈT INGGIH NAMOENG MERK GAZELLE INGKANG AWOEDJOED ALCYON DUNLOP } RIJWIELEN R. I. W.

Nitjil kenging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELE. 508.

R. I. P.

Nalika malem tanggal 23 Sept. wantji djam 10, HIERONYMUS SOEMARSANA, siswa ing Kweek-school Moentilan, katimbalan ing Goesti, sampoen nampèni sakramnèn - sakramèn sapreloenipoen.

Anggènipoen sakit sampoen 11 woelan, wonten ing panti-roga Moentilan.

Koela.

B. COENEN S. J.
Vice Rector

BALAI POESTAKA

V O L K S A L M A N A K
f 0.64
1930

DAJAWA - MELAJOE - SOENDA
SEKARANG SOEDAH SEDIA

lembar Swara Tama dateng pan-djenenganipoen Assistent-wedana ing Mendoet lan salembar malih dateng pandjenenganipoen ingkang Wedana ing Moentilan.*

Gramafoon — Ngajodja Wétan. Sadérèk Martaja, ngabaraken makaten:

1. Awis teda. Ing wekdal sapoe-nika ing redi kidoel saweg mangsa patjeklik. Awisipoen teda radi sanget, kabekta boten medaling tetaneman. Gaga, otèk, téla, sata sedaja sarwa njeplik, boten kados wingi-wingi. Poenika waoe sedaja kasebab-aken awising wontenipoen Djawah. Grija-grija loerah sawatavis sami kabelaslah, margi anggènipoen sobat baik kalijan tjina mèndring. Tijang saking rikoe katah ingkang pados panggesangan dateng mantja nagari, kadosta: Ngajodja, Parakan, Semarang lsp.

Sewoelanan kepenger loerah-loera sawatavis kempalan, badé nanggap ringgit watjoetjal milih dalang ingkang taksih kaanggep sek- ti, saged ndatengaken Djawah (i.p. dalang saking Kwasèn, bawah on-derdistrict Pijoengan). Èstoe nanggap, dalang nedha épanah f 50 (sé- ket roepijah) sedaloe, inggih dipoen-sagahi. Wasana boten dijawah, tletik kémawon boten. Kjai dalang ladjeng namoeng kaépahan f 25. Wah kok isih semono ta pengandelé sanak goenoeng kidoel ki!!

2. Gandeng kalijan nginggil waoe, ladjeng, nggampilaken Emigratie.

* Katrangan saking Redactie. Para maos sampoen kalintoe tami-pi (— kados ingkang kita pireng —) masta-ni bilih swantenipoen Fiets Triumph poenika swantening prijantoon ingkang damang dateng oebeiteng onderneming. Boten! Swanten saking F. T., namoeng swantening tijang limrah (dédé prijantoon) ingkang kawedalipoen na-moeng margi ngraos rekaos déning toemindakin onderneming.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

DJOKJA BANDOENG

Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER- LODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat POTONGAN.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.30 - 8.30.	Lamah	5.30 - 6 - 8.	Pekalongan ⁸⁾	7.30.	Soerabaja:
Amboina	7.30.	Lawang ³⁾	7.	Pemalang ³⁾	7.30.	Kependjén
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 - 9.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Salatiga	7.30.	Tara-Tara
Djember	7.30.		9.30 (mal.).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal
Djokja:				Sambong	8.	Tering
Kampementstraat	Eur. 7 - 9.	Medari ⁶⁾	7.30.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap ⁸⁾
Kota Baroe	Jav. 6 - 8.	Meester Corn.	7 - 9.	Sedajoe	7.	Tjimahi
Djombang ¹⁾	6 - 7.30.	Mendoet	6 - 7.30.	Sedjiram	5.45 - 8.30.	Tomohon
Fort de Kock	7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Semarang:		Wates ⁷⁾
Gandjoeraan ²⁾	7.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Gedangan	7 - 9.	Weltevreden:
Gombong ³⁾	7.30.	Muntok	8.	Bangkong	6.30 - 8.	Waterlooplein
Keboemèn ⁴⁾	7.30.	Ngawi ⁷⁾	7.30.	Tjandi	7.	Kramat
Kediri	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Randoesari	7.	Wonosobo ⁸⁾
Klatèn	7.30.	Pandang Pandjang	7.30.	Singkawang	6.30 - 9.	Woloan
Koeta Radja	6.30 - 8.	Pajakoembo	7.30.	Soekaboemi	6 - 7.30.	
		Palembang	7 - 9.			
		Pasoeroean ¹⁾	7.30.			

¹⁾ 1e. Achad.

²⁾ 1e. + 3e. Achad.

³⁾ 2e. Achad.

⁴⁾ 1e. Achad tiap ² doea boelan.

⁵⁾ 1e., 2e., 4e. Achad.

⁶⁾ 2e., 4e. Achad.

⁷⁾ 3e. Achad.

⁸⁾ 4e. Achad.

KALAU BELI OBAT - OBAT

mémang tiada maoe pakai pertjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada te- rimba obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar Djangan beli sama sekali.

DJOKJA

Obat-obat keloearan roemah ² obat

MALIOBORO

soedah terkenal berapa banjak poeloehan taboen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

DJOKJA

“RATHKAMP” tanggoeng beli jang paling baik. Djaga tjap “RATHKAMP” dan “ERCEE”

DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.

MALIOBORO

DJOCJA

TOKO H. SPIEGEL

MALIOBORO 17
DJOCJA.

MAGAZIJN VAN LUXE - en HUISHOUDELIJKE ARTIKELEN KINDERWAGENS — SPORTKARREN KINDERSPEELGOED

THEESERVIEZEN, 16 deelig f 5,75
GASOLINE - LAMPEN f 12,50

Nanging éman déné kok boten: Vrije Emigratie, dijebuel medal pak boedjoek werk. Bab poenika toe-moelar dateng tanah ngaré sakilèn-ipoen goenoeng kidoel. Moegi-moegi ingkang wadibj menggalih saësto bab poenika!! Poenapa werk-werk waoe inggih sami angsal idi saking Negari? Pamriksanipoen sampoen ngantos kasangga mèngèng. Mila wonten S. K. roemijn poenika kawartosaken tijang Ngajodja ingkang késaha katah sanget. (200.000).

3. Klangsiran — adil.

Klangsiran sabin (ingkang koela soemerepi tjeta) ing onderneming Wanoedjaja lan Karongan, sapoe-nika modèl sama rata sama rasa. Sabinipoen tijang alit kaedoem sami (ratjak). Poenika nggampilaken tjarijk doseen lan mantri pemitijs (penanggap arta) ing bab oeroesan padjeg; sarta toewan onderneming ing atasing arta lat-latlan (pangrem-bang rosan). Poenapa poenika inggih sampoen adil saësto???

Kasangsaran motor bis.

B. S. A. Jachthom Brebes, ngabaraken:

Nalika dinten Kemis tg. 12-9-'29 wonten montor bis saking Cheribon badé dateng Tegal; ngemot bram-bang toewin tijang. Ing sarehning saantawisipoen Boelakamba kalijan Brebes poenika nglangkoeng boelak wijar-wijar, dados sepi politie. Sang Sopir sapoeroen-poeroen nglampah-aken montoriopoen. Lan sarehning anggènipoен nglampahaken sarwi sembrana, oetawi ngantoke, doemakan roda ngadjeng ménggok ngiwa. Sopir goegoep, roda teroës ngener tijang kalih ingkang saweg sami neda semkanya wonten ing pinggir margi. Tijang kalih waoe barbier ideran satoenggal, tijang berah satoenggal. Sanalika barbier pedjah, lan berah kinten-kinten 2 %

gesang. Tijang kalih kapriksa won-ten kliniek Brebes, lan berah teroës noetoeti barbier.

Katjarjos bis waoe ngrawoehi sab- bin ngantos kinten-kinten 20 M sa- king margi ageng tebihipoen. Lan katah ingkang risak, tijang ingkang ongempak wilodjeng.

Kadjawi poenika motor kapriksa pinanggih djaoreming K. M. teller, noeding angka 65. Dados terang nali-ka montor waoe mlampah snelheid-ipoen ± 70 - 80 K. M. saben 1 djam.

Kotjapa Sopir ladjeng késah sa- king ngrikoe, ngantos dipoenpadosi boten kantenan. Dilalah wonten prijantoon ingkang nitik bis waoe, saged maringi katerangan, kados- poendi sandang toewin ném sepoeh- ipoen Sopir.

Sanalika Sopir ladjeng katjepeng wonten ing satjelakipoen Tandjoeng. Nalika katjepeng oepas, atoeripoen Sopir: „Koela inggih badé repot dateng benda Wadana.”

Ijak poenapa inggih? Kénging poenapa boten poeroen repot dateng A. W. ing satjelaking ngrikoe; ing- kang tebihipoen ± 2 K. M. saking katjilakan waoe? Hla kok malah dateng Tandjoeng ingkang tebih- ipoen ± 15 K. M.

Waterschap Ngajodja.

Msth. Sstrdhaj: Saking pito- eloenganipoen Padoeka Toean Sectieingenieur Waterschap Opak Progo, ing golongan personeel Djawi, dipoenwonteni pakempanan Saëka Praja wiwit woelen Augustus 1929, Déné ingkang mangageng Padoeka Toean Sectieingenieur H. J. Rietveld Ngajodja, margi pandjenenganipoen waoe saklangkoeng tresnanipoen dateng bangsa Djawi. Déné pakem- panan waoe mligi namoeng toeloeng-tinoeloeng; personeel waterschap manawi wonten ingkang kasripahan soepados kempalan waoe ngawon-

tenaken derma. Sadérèngipoen der- ma katarik saking sadérèk warga padaeka toean Sectieingenieur kersa paring pitoelangan arta roemijn ba- dé kanggé wragad, mitoeroet ka- tahipoen arta saking warga.

Kokinipoen njonjah Landzaat angsal gandjaran.

Lelampahan pedjahipoen njonjah Landzaat ing onderneming Parna- bolon: . . . Salim kaokoem pe- djah, . . . koki ingkang mitoeloengi djiwaning noninipoen njonjah waoe, . . . angsal gandjaran! Saking oeroenanipoen para Walandi ing ngrikoe, koki waoe angsal gandja- ran grija toewin arta! Semanten oe- gi ingkang djaler inggih angsal épal! Baboenoipoen inggih pikantook tanda mripat awoedjoed arta djené.

Boten soesah dipoenpadosi.

Goepernoer Djawi Wétan pikantook sirkoelér saking Algemeene Re- kenkamer asoerao netepaken tijang ingkang gadah samboetan arta dateng nagari kirang saking f 10, boten soesah dipoenoeroes, kadjawi manawi jakin panaggihipoentemtoe pikantook. Awit nagih makaten poe- ni temtoe ngedalaken ragad toer- ngerendeti padamelan!

Kaoekoem gantong.

Tanggal 7 September ing Poer- waredja wonten tijang kaoekoem gantong anama Djoerémi, margi kasangkoet prakawis radja pedjah. Djoerémi waoe sampoen njoewoen pangapoenten ananging boten ka- parengaken.

Dajaning main.

Banten Bode njarijosaken djo- roeserat kawedanan Malingping ana- ma Agoes Joeda Atmadja (roemijn djoeroeserat kawedanan Serang) ka- ting pelloeng polisi margi kadakwa njaj- lingkoehaken arta kalijan djoeroes- erat Serang sapoenuka katahipoent Serang sapoenuka katahipoent mandoor f 1.900. Joedaatmadja katjarijosaken f 1.900. Joedaatmadja katjarijosaken